



Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO "PANSE GRAN, ACHTE PITI!" PANDAN SEZON ACHA FÈT FEN ANE A

*Sipòte biznis lokal yo samdi 30 novanm ak pandan tout ane a ranfòse kominote yo epi estimile ekonomi lokal yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo sipòte biznis lokal yo pandan sezon acha fèt fen ane a lè li mete aksan sou wòl endispansab ti biznis Nouyòk yo jwe nan kreye kominote dinamik atravè eta a. Nan dat 30 novanm, Nouyòk pral komemore Samdi Ti Biznis yo pou selebre gwo enpak ti biznis yo genyen sou ekonomi lokal yo atravè eta a. Nan onè jounen an. Gouvènè Hochul ap pwofite opòtinite a pou li mete enfaz sou fason w ap chwazi detayan, restoran ak founisè sèvis lokal yo kreye yon efè ki antrene kwasans ekonomik atravè kominote Nouyòk yo.

"Chak acha nan yon magazen lokal oswa yon biznis famiyal gen repèkasyon sou katye nou yo, pandan y ap kreye djòb ak opòtinite ki ranfòse estrikti kominote nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke pitit fi yon pwopriyetè ti biznis, mwen te temwen dirèk de kijan antrepriz sa yo sèvi kòm soutyen nan lavi kominote a. Pandan sezon fèt fen ane sa a ak nan Samdi Ti Biznis yo, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo investi nan kominote yo lè yo fè acha lokal – paske lè ti biznis nou yo pwospere, se tout Nouyòk ki pwospere."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) an, Hope Knight, te deklare,** "Chak Main Street ki pwospere rakonte istwa reyisit yon ti biznis. Lè nou chwazi achte nan lokalite nou, nou pèmèt biznis sa yo fleri, pandan n ap garanti katye nou yo rete dinamik ak rezistan. Antrepriz sa yo fè plis pase alimante ekonomi nou an – yo kreye premye djòb pou jèn yo, yo pwovoke inovasyon nan chak sektè, epi yo prezève karaktè ki rann kominote nou yo diferan. Gras ak envestisman ki sible ak sipò estratejik, Empire State Development ap travay pou garanti Nouyòk rete premye destinasyon pou antreprenè yo pou yo lanse, grandi ak reyalize rev yo."

**Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare,** "Ti biznis yo se yon eleman enpòtan nan ekosistèm ekonomik Eta Nouyòk. Soti nan rekritman mendèv rive nan itilizasyon kredi enpo ak ensitasyon fiskal, Depatman Travay (Department of Labor) ofri yon kantite resous pou ede biznis sa yo pwospere nan ekonomi global la. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo montre sipò yo lè yo fè acha

nan nenpòt nan plizyè milye ti biznis atravè eta a nan sezon fèt fen ane sa a ak lòt ankò."

**Komisè Pa Enterim Depatman Fiskalizasyon ak Finans lan (Department of Taxation and Finance) Amanda Hiller, te deklare,** "Nou rekonesan pou kontribisyon pwopriyetè ti biznis yo non sèlman wikenn sa a, men pandan tout ane a. Se sektè ki pi dinamik nan ekonomi nou an – yon sektè Eta Nouyòk sipòte ak yon pakèt kredi enpo ak ensitasyon fiskal."

**Komisè Agrikilti Eta Nouyòk la, Richard A. Ball, te deklare,** "Agrikiltè ak ti biznis yo atravè Eta Nouyòk travay di pandan tout ane a pou kreye manje ki gen bon gou, kado ki byen reflechi, ak bwason ki gen bon gou pou tout okazyon. Lè Nouyòkè yo fè acha lokal pandan sezon fèt fen ane sa a, ak nan okazyon Samdi Ti Biznis yo, yo pa sèlman ap investi nan pwodui siperyè moun k ap travay di yo fabrike, men yo ap sipòte ekonomi agrikòl la tou."

Samdi Ti Biznis selebre inovasyon ak devouman pwopriyetè ti biznis yo, pandan l ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo sipòte magazen ak sèvis lokal yo pandan sezon fèt fen ane ki anime a. Ti biznis yo – yo defini kòm biznis ki gen mwens pase 100 anplwaye – reprezante 98 pousan nan tout biznis nan eta a, ki anplwaye prèske 40 pousan nan mendèv sektè prive a. Nan sektè yo vann an detay sèlman, Nouyòk gen plis pase 71,000 magazen, ak prèske 79 pousan – apeprè 55,000 – ki se detayan lokal endepandan. Antrepriz sa yo se motè ekonomik enpòtan, etablisman komès an detay ki kontribiye nan nivo 40.1 milya dola nan salè an 2023 epi yo prevwa jenere 507 milya dola nan lavant an 2024, ki bay plis pase 20.3 milya dola nan revni taks sou lavant Eta a. Nan ti biznis Nouyòk yo, anviwon 8.1 pousan se detayan, ki konstitiye yon pati esansyèl nan ekonomi lokal nou yo paske yo pouse kwasans kominote a, favorize idantite katye yo, epi fè plizyè milya dola sikile nan kominote nou yo.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk kontinye bay kwasans ak pwosperite ti biznis yo priyorite atravè yon seri divès inisyativ ak pwogram. Depi lè li antre an fonksyon, Gouvènè a te lanse yon kantite pwogram ki devwe a ti biznis yo, ki angaje plizyè santèn milyon atravè Empire State Development pou favorize antreprenarya, estimile inovasyon, epi garanti ti biznis yo gen sipò yo bezwen pou yo reyisi.

Empire State Development favorize kwasans ti biznis atravè investisman estratejik ak pwogram sipò inovatè ki reponn ak defi aktyèl mache a. Gras ak [Inisyativ Nasyonal Kredi pou Ti Biznis](#) (State Small Business Credit Initiative, SSBCI), ESD te angaje prèske 100 milyon dola pou ede antreprenè yo jwenn kapital epi elaji aktivite yo. Rezo Nouyòk ki gen 26 [Sant Asistans Antreprenarya](#) ofri sipò teknik ak fòmasyon enpòtan atravè eta a. Anplis de sa, Eta Nouyòk senplifye aksè a resous yo atravè platfòm dijital li [Business Express](#), ki konekte antreprenè yo ak plizyè milyon opòtinite finansman ki disponib, ensitasyon fiskal, ak pwogram asistans espesyalize ki fèt pou favorize inovasyon ak akselere kwasans nan chak rejyon eta a. Jwenn plis enfòmasyon sou ti biznis ESD ak lòt pwogram nan [esd.ny.gov](#).

Depatman Travay Eta Nouyòk la (New York State Department of Labor) ofri divès sèvis gratis pou biznis tout dimansyon, ki enkli plizyè milye djòb ki pibliye sou [sit entènèt NYSDOL la](#), aksè a plizyè dizèn milye kandida ki kalifye nan gwoup talan nou an, salon travay ak rekritman pèsonalize, ak sèvis konsiltasyon nan Resous Imèn. Plis pase 25,000 biznis travay ak NYSDOL chak ane pou afiche djòb yo, jwenn bon kandida yo, jwenn ensitasyon pou anbochaj ak fòmasyon, jwenn kredi enpo ak ensitasyon fiskal pou biznis, jwenn èd pèsonalize konsènan dwa travay ak konfòmite ak règ sekirite ak sante, epi jwenn resous pou evite revokasyon. Pou plis enfòmasyon, ale sou: [www.labor.ny.gov/business](http://www.labor.ny.gov/business).

Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk (New York State Department of Agriculture and Markets) sipòte endistri agrikòl Nouyòk la, ki estimile plis pase 32,000 fèm, 700 mache agrikiltè ak kyòsk agrikòl, ak plizyè milye ti biznis agrikòl. Depatman an sipòte fèm ak biznis manje ak bwason nan bay sèvis endispansab ki amelyore biznis yo epi ogmante pwodiktivite, rantabilité, ak konpetitivite. Li bay tou opòtinite pou pwomosyon dirèk atravè inisyativ tankou [pwogram Kiltive epi Sètifye Eta Nouyòk \(NYS Grown & Certified\)](#), ki komèsyalize kiltivatè ak pwodiktè lokal k ap patisipe nan pwogram manipilasyon manje ak dirabilite anviwònmantral la an tout sekirite, k ap ede yo fè konpetisyon pi byen sou mache a.

Anplis de sa a, [pwogram Taste NY](#) la afiche agrikiltè Nouyòk yo ak biznis manje ak bwason yo nan gwo evènman piblik ak nan plis pase 70 lokal Taste NY atravè Eta a, enkli Sant Dakèy Eta a yo, kote Nouyòkè yo ka jwenn yon kado pou tout moun ki sou lis acha pou fèt fen ane pa yo. Lokal Taste NY nan tout eta a genyen tou yon varyete atik ak kofrè kado ki pafè pou fèt fen ane a. Mache yo ranpli ak pwodui lokal agrikiltè ak pwodiktè manje ak bwason Nouyòk fè ak pwodui ki inik nan rejyon kote Sant Dakèy la ye a. Ke se atik manje lokal, gastwonomik ak bwason atizanal lokal, rive nan atik fantezi e menm pwodui pou benyen ak pwodui bote, kado nan magazen yo varye selon gwosè ak pri epi yo ka pèsonalize. Kliyan yo ka kontakte lokal Taste NY ki pi pre yo pou konnen òf ak detay espesifik yo. Vizite [Taste.NY.gov](http://Taste.NY.gov) pou jwenn Sant Dakèy lokal ak mache Taste NY ou a

Mache sou entènèt la, [ShopTasteNY](#), ofri opòtinite pou achte pwodui agrikòl ak kado Nouyòk yo pandan w nan konfò lakay ou. [ShopTasteNY.com](#) ki fèk renove, ofri yon varyete pwodui nan Nouyòk, soti nan siwomyèl ak konfiti rive nan savon lèt kabrit, ki reflete òf chak rejyon. Yo prezante patnè k ap patisipe yo ak pwodui yo youn aprè lòt pou garanti divèsite nan gam pwodui a ak reprezantasyon rejyonal la. Apati Black Friday la 29 novanm, jiska Cyber Monday 2 desanm, kliyan yo ap jwenn 30 pousan rabè sou tout pwodui yo. Anplis de sa, soti 3 desanm jiska 25 desanm, achtè yo pral resevwa 25 pousan rabè sou acha yo ak pwomosyon Happy Holidays la. Tanpri sonje, yo ta dwe pase kòmann yo anvan 15 desanm pou garanti livrezon yo pou Nwèl la. Apre Nwèl la, achtè yo ka toujou resevwa 20 pousan rabè ak pwomosyon New Year New Vendors, ki soti 27 desanm jiska 4 janvyè 2025.

**Fason pou sipòte Ti Biznis yo Chak Jou**

- **Chwazi Detayan Lokal yo** - Chwazi achte nan magazen endepandan nan kominote w la. Patwonaj ou ede kenbe djòb lokal yo epi fè lajan sikile nan ekonomi lokal la.
- **Achte lokal sou entènèt** – Anpil biznis nan katye yo ofri opsyon komès elektwonik. Verifye si magazen lokal ou yo gen sit entènèt oswa patisipe nan mache dijital ki fasilite livrezon lokal oswa pou ale nan lokal la.
- **Achte Kat Kado** – Achte kat kado nan men biznis lokal yo—ke se yon restoran, yon boutik, oswa yon founisè sèvis ou prefere—ba yo sipò imedyà epi ankouraje pwochen vizit yo.
- **Eksplòre Mache Agrikiltè yo** – Menm pandan mwa ki pi frèt yo, anpil mache agrikiltè kontinye andedan, yo ofri pwodui inik ki fèt nan nivo lokal. Soti nan atik atizanal riive nan manje sezonye, se yon bon fason pou sipòte pwodiktè lokal yo.
- **Magazen Taste NY** – Sipòte agrikiltè, pwodiktè, ak atizan Eta Nouyòk yo lè w vizite Sant Dakèy Taste NY yo atravè eta a oswa [ShopTasteNY.com](https://www.shopTasteNY.com). Eksplòre panye kado ki fèt espesyalman pou fèt fen ane a ak pwodui inik ki fèt nan Nouyòk ki afiche pi bon bagy biznis lokal yo gen pou ofri.
- **Dine yon fason Lokal** – Vizite restoran yo ak kafe nan katye a oswa kòmande manje pou pote. Sipò ou ede soutni etablisman sa yo ak djòb yo bay yo.
- **Fè mesaj la pase** – Pataje eksperyans pozitif ou ak biznis lokal yo sou rezo sosyal yo ak platfòm evalyasyon yo. Rekòmandasyon pèsonèl yo gen anpil valè pou ti biznis k ap chèche grandi kliyantèl yo.
- **Chwazi Kredi Magazen** - Si ou vle retounen yon atik, anvizaje aksepte kredi magazen olye yon ranbousman.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
 Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)